



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO CHWAZI YON EKIP PLANIFIKASYON NAN ZAFÈ AVYASYON PREMYE PLAN POU TRAVAY JENI AK KONSEPSYON INISYAL POU REYALIZE PLAN VIZYON JFK A**

***Ekip la gen achitèk Mott MacDonald ak Grimshaw Architects ki Alatèt li epi y ap Pote Eksperyans Entènasyonal Solid nan Zafè Devlopman Plan Direktè Ayewopò yo, Sèvis Alakliyantèl ki gen Kalib Mondyal, Estrateji pou Konsepsyon Tèminal, Jeni Civil ak Estrateji Frèt Ayeryen yo***

***Ekip la pral Mennen Pwosesis ak Devlopman Jeni Preparatwa avan Pwojè Redevlopman 10 milya dola JFK a***

***Konpayi a pral Kòmanse Egzekite Plan Vizyon Gouvènè a gen pou JFK a- ki dekri [isit la](#)***

Jodi a, Andrew M. Cuomo te anonse Otorite Pò a (Port Authority) chwazi yon ekip konstriksyon k ap gen Mott MacDonald alatèt li, aprè yon pwosesis demann pwopozisyon (Request for Proposal, RFP) konpetitif, pou reyalize plan vizyon Komite Konsiltatif pou Ayewopò (Airport Advisory Panel) Gouvènè a te tabli pou redevlopman Ayewopò John F. Kennedy a. Anons sa a se pwòchèn grand etap nan plan Gouvènè a gen pou l transfòme Ayewopò JFK a - ki deja ap akeyi plis pasaje entènasyonal vin Ozetazini pase nenpòt lòt ayewopò nan Etazini -- pou l vin tounen yon operasyon inifye ki gen kalib mondyal ki ka akomode gran ogmantasyon potansyèl yo prevwa nan kantite pasaje yo, pandan l ap ede plis ranfòse ekonomi rejyonal Vil New York la.

“Plan nou pou nou transfòme JFK a anvizyone yon ayewopò inifye, modèn depwent ki ka satisfè demann pasaje aktyèl yo ak sila alavni yo, epi avèk mezi sa a, nou ap rann plan sa yo vin tounen yon reyalite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo JFK a pral yon jwayo presye pou rezo transpò Vil New York la, l ap yon ayewopò ki gen kalib Nouyòkè yo merite, epi yon sant ki plen vitalite ak aktivite ekonomik.”

Objektif espesifik plan vizyon Komite Konsiltatif pou Ayewopò Gouvènè a te tabli a gen ladan: kreyasyon yon sistèm tèminal omojèn ki entèkonekte, sèvis alakliyantèl ki gen kalib mondyal, restriktire wout aksè a rezo pou redwi blokis k ap fè moun pèdi tan, amelyore JFK AirTrain lan ansanm ak agrandi transpò komen fewovye yo avèk konsantrasyon sou devlopman trajè yon sèl chita pou ale retou nan ayewopò a,

devlopman etablisman frèt ayeryen modèn ak amenajman nan enfrastrikti ayewonotik la yo.

Mott MacDonald se yon konpayi jeni ak devlopman lidè onivo mondyal ki gen eksperyans entènasyonal solid nan zafè planifikasyon ak redevlopman ki te fèt nan kèk nan pi gran ayewopò ki gen nan mond lan yo. Grimshaw se yon konpayi achitekti ak planifikasyon lidè ki baze a Lond, Angletè ki gen anpli eksperyans nan zafè konsepsyon ak devlopman ayewopò. Ansanm, pòtfèy eksperyans ekip la gen ladan travay sou planifikasyon plan direktè ak redevlopman nan ayewopò a Lond, Kore Disid, Hong Kong, Sengapou, Zirik, Almay, Lawoland, Kanada, Ostrali, ak Afrik Disid.

Ansanm ak achitèk Mott MacDonald ak Grimshaw Architects yo, nouvo ekip la gen ladan konpayi espesyalis ki gen ladan TranSolutions, Harris Miller Miller & Hanson, VJ Associates, ACB Architects, EnTech Engineering, Naik Consulting, Reichman Frankle, ak Holmes Keogh pou yo ka satisfè objektif 30 pousan MWBE a ki nan kontra sa a, epi ki konfòm a objektif lidè nan peyi a Gouvènè Cuomo genyen pou enkli 30 pousan patisipasyon biznis klas minoritè ak fanm posede yo. Ansanm, tout ekip la te founi plan direktè pou planifikasyon ak rekonsepsyon nan 10 nan 20 pi gran ayewopò nan mond lan, dapre klasman Skytrax, ki se yon sèvis notasyon yo respekte onivo entènasyonal pou konpayi avyon ak ayewopò yo, te pibliye an 2016 la.

**Direktè Egzekitif Otorite Pò a Rick Cotton te deklare,** “Depi lè avyon te fenk parèt, Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a te yon lidè mondyal nan zafè avyasyon. Redevlopman yo planifye pou fè nan pòtay enpòtan mond lan itilize pou konekte rantre soti nan New York la ap vital pou transfòmasyon JFK pou l vin klase pami pi gran ayewopò nan mond lan yo. Kliyan yo abitye vwayaje atravè etablisman ayewopò modèn depwent toupato nan mond la, epi yo pa merite anyen mwens pase yon ayewopò entènasyonal ki lidè nan peyi a.”

Vizyon Komite Konsiltatif pou Ayewopò Gouvènè a tabli a gen potansyèl pou l sèvi kòm motè pou jiska 10 milya dola nan envestisman pou modènize ayewopò a epi ede estimile kwasans ekonomik. Baze sou done enpak ekonomik 2016 la, ayewopò a te deja founi 15.8 milya dola randman chak ane, 43.6 milya dola nan vant epi l ap sipòte plis pase 290,000 djòb dirèk ak endirèk. Ayewopò a te sèvi yo rekò 58.8 milyon pasaj ane pase, ki fèl klase nimewo 5 nan peyi a, epi nimewo 16 nan mond lan, epi yo prevwa pou l vin depase 60 milyon pasaj ane sa a. Li jere apeprè 1.3 milyon tòn kagezyon tou.

Transfòmasyon k ap fèt nan Ayewopò JFK a fè pati vizyon Gouvènè Cuomo a genyen pou l restriktire toude pi gran ayewopò notab Vil New York la yo, avèk konstriksyon ki deja ankou pou kreye yon nouvo Ayewopò LaGuardia ki gen yon sistèm tèminal inifye ak yon rezo woutye ki reyamenaje. Gouvènè a, de konsè ak Otorite Pò New York ak New Jersey a, ki se depatman k ap jere ayewopò Kennedy ak LaGuardia yo, te baze estrikti pou fè chanjman nan toude ayewopò yo dapre rekòmandasyon Komite Konsiltatif pou Ayewopò Gouvènè a te tabli a te fè yo. Komite a te gen kòm responsabilite pou yo devlope meyè pratik konpreyansif pou asire ayewopò moun frekante anpil sa yo rete alatèt sistèm ayewopò inovatè nan lemond antye yo.

Nan ayewopò JFK a, ekip Mott MacDonald and Grimshaw Architects la pral devlope yon plan ki konfòm ak rekòmandasyon Komite Konsiltatif pou Ayewopò Gouvènè a te

tabli a te fè yo, pou gide redevlopman Ayewopò JFK a, pandan l ap kreye pwogram planifikasyon ak pwojè sipò alontèm ansanm ak inisyativ operasyon amelyorasyon akoutèm yo. Nan ayewopò a, anplis de entegrasyon tèminal la yo, travay planifikasyon yo pral gen ladan rekonsepsyon sikwi sikilasyon anndan ayewopò a, santralizasyon espas pakin lan yo, asire kliyan yo gen amenajman vant an detay, opsyon restoran ak kapasite pou sant biznis ki gen kalib mondyal, agrandisman wout taksi yo epi ankouraje itilizasyon teknoloji sekirite modèn depwent ki ranfòse.

Yon gran tach Mott MacDonald and Grimshaw Architects pral gen pou yo fè, se devlopman demann yo prevwa Ayewopò JFK a pral genyen yo - ki se ogmantasyon kantite pasaje, tòn kagezyon, tip flòt avyon ak bezwen jeneral ki gen rapò ak aviyasyon yo - yo antisipe pou fèt jiska nan mitan syèk sa, pandan y ap analize egzijans pou satisfè bezwen lè gen plis demann yo prevwa sa yo. Priyorite kle yo gen ladan: optimizasyon kapasite pis la yo pou redwi reta lè avyon yo bezwen pran vòl, amelyorasyon aksè ak kapasite pou itilizasyon tren ale retou nan ayewopò a ak devlopman meyè etablisman ak operasyon pou kagezon nan klas sa a.

Nan Ayewopò Heathrow a ki a Lond lan, pa egzanp, ekip la te responsab pou yo devlope plan direktè konpreyansif pou ayewopò a k ap sèvi 120 milyon pasaje chak ane. Nan sa Hong Kong lan, gwoup la te konsantre yo sou yon plan direktè jeni ki favorab a anviwonman ki gen pou objektif pou yo ogmante kantite pasaje anyèl ki itilize ayewopò yo soti 70 milyon pou pase a 120 milyon. Nan sa Sengapou a, gwoup la te jere pwogram planifikasyon ak konsepsyon y ap kontinye travay sou yo la, pou kreye yon senkyèm tèminal.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418